Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması

*Járiyalanıw sánesi: 27.07.2026 j.*

**PRESS-RELIZ**
*Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq is haqı*

# Qaraqalpaqstan Respublikasında Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı

*(Awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı)*
*2026-jıldıń yanvar-iyun ayları ushın (dáslepki maǵlıwmatlar)*

**I.** Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń jıllar boyınsha ózgeriw dinamikası.

**II.** Qala ham rayonlar boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı.

**III.** Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı.

**IV.** Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dinamikası.

**V.** Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı boyınsha metodikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar.

## I. Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń jıllar boyınsha ózgeriw dinamikası.

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında ortasha aylıq esaplanǵan is haqı 5 556,6 mıń somdı qurap, ótken usı dáwirine salıstırǵanda 16,2 % ke ósken.

**Jıllar kesiminde ortasha aylıq is haqı, *mıń som***




Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ortasha Ortasha aylıq nominal is haqınıń sońǵı bes jıllıq dinamikası analiz etilgeninde, 2022-jıldıń 2-sheregine 2 992,4 mıń somdı quraǵan, is haqı muǵdarı 2026-jıldıń 2-sheregine kelip, 5 556,6 mıń somdı quradı ham sońǵı bes jılda 2 564,2 mıń somǵa ósti.

***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

## II. Qala ham rayonlar boyınsha ortasha aylıq nominal is haqı muǵdarı.

Qala ham rayonlar boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı muǵdarı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar 2026-jıldıń yanvar-iyun ayları ushın keltirilgen bolıp, 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırılǵan.

| | Mıń som | Ósiw páti, % te |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **5 556,6** | **116,2** |
| Nókis qalası | 7 476,4 | 116,3 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 3 691,4 | 116,5 |
| Beruniy | 4 045,8 | 114,6 |
| Bozataw | 3 792,5 | 110,2 |
| Qaraózek | 4 054,2 | 109,2 |
| Kegeyli | 4 292,0 | 112,0 |
| Qońırat | 6 332,9 | 123,4 |
| Qanlıkól | 4 990,4 | 132,0 |
| Moynaq | 5 995,6 | 157,4 |
| Nókis | 5 432,5 | 108,3 |
| Taqıyatas | 5 707,5 | 114,6 |
| Taxtakópir | 3 904,4 | 112,3 |
| Tórtkúl | 4 309,8 | 114,9 |
| Xojeli | 5 016,1 | 111,2 |
| Shımbay | 4 595,7 | 120,7 |
| Shomanay | 4 135,2 | 111,4 |
| Ellikqala | 4 217,4 | 109,9 |

Rayonlar kesiminde ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqıları boyınsha eń joqarı ósiw pátleri qala hám rayonlarda gúzetildi. Sonıń ishinde, Moynaq rayonı joqarı ósim pátinde jetekshilik qılıp, ortasha aylıq is haqı 5 995,6 mıń somdı qurap, ótken usı dáwirine salıstırǵanda 57,4 % ke óskenligi gúzetildi.

***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

Sonday-aq, bul kórsetkish Nókis qalasında 7 476,4 mıń somdı (116,3 %), Ámiwdárya rayonında 3 691,4 mıń somdı (116,5 %), Shımbay rayonında 4 595,7 mıń somdı (120,7 %), Qońırat rayonında 6 332,9 mıń somdı (123,4 %) hám Qanlıkól rayonında 4 990,4 mıń somdı (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 132,0 %) dı quraǵan.

Óz ornında, ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı Nókis rayonında 5 432,5 mıń som (108,3 %), Qaraózek rayonında 4 054,2 mıń somdı (109,2 %), Ellikqala rayonında 4 217,4 mıń somdı (109,9 %), Bozataw rayonında 3 792,5 mıń somdı (110,2 %), Xojeli rayonında 5 016,1 mıń somdı (111,2 %), Shomanay rayonında 4 135,2 mıń somdı (111,4 %), Kegeyli rayonında 4 292,0 mıń somdı (112,0 %), Taxtakópir rayonında 3 904,4 mıń somdı (112,3 %), Beruniy rayonında 4 045,8 mıń somdı (114,6 %), Taqıyatas rayonında 5 707,5 mıń somdı (114,6 %) hámde Tórtkúl rayonında 4 309,8 mıń somdı (114,9 %) qurap, basqa rayonınlarǵa salıstırǵanda ósiw páti tómenirek ekenligi gúzetildi.

## III. Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı.

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq nominal is haqı muǵdarı haqqında maǵlıwmatlar 2026-jıldıń yanvar-iyun ayları ushın keltirilgen bolip, 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırǵan. Bul salıstırıw arqalı tarawlar kesiminde parqlar hám ózgarisler analiz etildi.

| Ekonomikalıq xızmet túriniń atı | Mıń som | Òsiw páti, % te |
|---|---|---|
| Sanaat | 7 593,6 | 110,0 |
| Qurılıs | 5 008,9 | 122,3 |
| Sawda | 4 861,0 | 103,5 |
| Tasıw hám saqlaw | 7 737,2 | 121,5 |
| Málimleme hám baylanıs | 8 419,8 | 105,0 |
| Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq | 15 160,1 | 116,9 |
| Bilimlendiriw | 4 501,7 | 117,4 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | 4 442,6 | 111,7 |
| Mádeniyat, kewil ashıw hám dem alıw | 4 882,7 | 121,5 |
| **Jámi ortasha is haqı** | **5 556,6** | **116,2** |

Ortasha aylıq nominal is haqı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha analiz etilgeninde eń joqarı ósiw pátleri qurılıs tarawında gúzetilip, bul tarawda 2025-jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 22,3 % ti qurap, is haqı muǵdarı 5 008,9 mıń somǵa jetkenligi gúzetildi.

Sonday-aq, bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında 15 160,1 mıń somdı qurap 16,9% ke, bilimlendiriw tarawında 4 501,7 mıń somdı qurap, ósiw 17,4 % ke, mádeniyat, kewil ashıw hám dem alıw tarawında 4 882,7 mıń somdı qurap, ósiw 21,5 % ke, tasıw hám saqlaw tarawında ortasha is haqı 7 737,2 mıń somdı qurap, ósiw 21,5 % ke óskenligi gúzetildi.

Sonıń menen birge, ortasha aylıq nominal is haqı sawda tarawında 4 861,0 mıń somdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósiw 3,5 % ke, málimleme hám baylanıs tarawında 8 419,8 mıń somdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 5,0 % ke, sanaat tarawında 7 593,6 mıń somdı qurap, ósiw 10,0 % ke, den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawında bolsa 4 442,6 mıń somdı qurap, 11,7 % ke ósken bolsada basqa tarawlarǵa salıstırǵanda ósiw páti tómenirek ekenligi gúzetildi.

## IV. Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń ekonomikalıq xızmet túrleriboyınsha dinamikası.

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq is haqı muǵdarınıń sońǵı bes jıldagı ózgerisi analiz etilgeninde, 2026-jıldıń 2-shereginde bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq xızmeti tarawında is haqı muǵdarı 15 160,1 mıń somdı qurap, 2022- jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 7 682,0 mıń somǵa óskenligi gúzetildi.

Sonday-aq, sońǵı bes jılda den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawı boyınsha is haqı muǵdarı 4 442,6 mıń somǵa, bilimlendiriw tarawında 4 501,7 mıń somǵa, mádeniyat, kewil ashıw hám dem alıw tarawında 4 882,7 mıń somǵa, tasıw hám saqlaw tarawında 7 737,2 mıń somǵa hám qurılıs tarawında 5 008,9 mıń somǵa, óskenligi gúzetildi.

## Ortasha aylıq is haqınıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ózgeriw dinamikası, *mıń som*




**Sanaat tarawında** ortasha aylıq is haqı 7 593,6 mıń somdı, onıń quramı boyınsha ortasha aylıq is haqı muǵdarı taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew tarawında 9 408,8 mıń som, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında 10 222,9 mıń som, islep shıǵarıw sanaatı tarawında 7 376,9 mıń som, suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında 3 773,6 mıń som ekenligi gúzetildi.

***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

**Sanaat tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası,** *mıń som*




**Sawda tarawında** ortasha aylıq is haqı 4 861,0 mıń somdı, onıń quramı boyınsha ortasha aylıq is haqı muǵdarı avtomobil hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw tarawında 6 090,7 mıń somdı, avtomobil hám motocikllerdiń sawdasınan tısqarı kótere sawda tarawında 5 309,3 mıń somdı, avtomobil hám motocikllerdiń sawdasınan tısqarı usaqlap satıw tarawında 2 452,9 mıń somdı quraǵan.

**Sawda tarawında is haqı muǵdarınıń ózgerisi dinamikası,** *mıń som*




***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

**Tasıw hám saqlaw tarawında** ortasha aylıq is haqı 7 737,2 mıń somdı quraǵan bolsa, onıń ayrım tarawları boyınsha ortasha aylıq is haqı muǵdarı sklad xojalıǵı hám járdemshi transport xızmeti tarawında 8 090,4 mıń somdı, qurǵaqlıqtaǵı hám truba transportı tarawında 8 019,9 mıń somdı, pochta hám kuryerlik xızmeti tarawında 2 811,0 mıń somdı quraǵan.

**Tasıw hám saqlaw tarawında is haqı muǵdarınıń ózgerisi dinamikası,** *mıń som*




**Málimleme hám baylanıs tarawında** ortasha aylıq is haqı 8 419,8 mıń somdı quraǵan bolsa, onıń ayrım tarawları boyınsha ortasha aylıq is haqı málimleme xızmetin kórsetiw tarawındaǵı xızmet 5 360,1 mıń somdı, baylanıs tarawında 8 971,3 mıń somdı hám baspa sóz xızmeti tarawında 3 680,0 mıń somdı quraǵan.

**Málimleme hám baylanıs tarawında tarawında is haqı muǵdarınıń ózgerisi dinamikası,** ***mıń som***




***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında** ortasha aylıq is haqı 15 160,1 mıń somdı, onıń quramı boyınsha ortasha aylıq is haqı májbúriy sociyallıq qamsızlandırıwdan tısqarı, qayta qamsızlandırıw hám pensiya jamǵarmaları xızmeti tarawında 7 977,9 mıń somdı, finanslıq xızmetler kórsetiw hám qamsızlandırıw boyınsha járdemshi xızmet tarawinda 4 692,0 mıń somdı, qamsızlandırıw hám pensiya támiynatınan tısqarı finanslıq xızmetler tarawında 15 411,9 mıń somdı quraǵan.

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında ortasha aylıq is haqı,** *mıń som*




**Bilimlendiriw tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı,** *mıń som*

**Bilimlendiriw tarawında** ortasha aylıq is haqı 4 501,7 mıń somdı, onıń quramı boyınsha ortasha aylıq is haqı joqarı oqıw orınları tarawında 9 972,5 mıń somdı, texnikalıq hám professional bilim tarawında 5 218,3 mıń somdı, ulıwma orta bilim tarawında 4 405,8 mıń somdı, mektepke shekemgi tálim tarawında bolsa 2 773,4 mıń somdı quraǵan.




***Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı***

## V. Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı boyınsha metodikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar

Ózbekstan Respublikası boyınsha ortasha aylıq miynet haqı haqqındaǵı maǵlıwmatlar kárxana hám shólkemler tárepinen elektron tárizde, onlayn tárizde usınılǵan statistikalıq esabatlardıń maǵlıwmatları tiykarında kishi kárxanalar, mikrofirmalar hám awıl xojalıǵı kárxanalarısız qáliplestirilgen.

Respublikanıń barlıq kárxana hám shólkemleri, sonıń ishinde, kishi kárxanalar, mikrofirmalar, fermer xojalıqları boyınsha ortasha aylıq miynet haqı haqqındaǵı maǵlıwmatlar jılına bir márte qáliplestirilip, járiyalanadı.

Maǵlıwmat ushın: Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jıl 7-apreldegi PF-4609-sanlı Pármanına muwapıq, kishi isbilermenlik subektleri hám fermer xojalıqları statistika esabatların statistika uyımlarına jılına bir márte usınıwı belgilengen.

Nominal esaplanǵan mıynet haqı - málim bir dáwir (saat, ay, jıl) dawamında xızmetker tárepinen islep shıǵarılǵan ónim (orınlanǵan jumıs yamasa kórsetilgen xızmet) ornına jumıs beretuǵınlar tárepinen, ámeldegi nızam hújjetlerine tiykarlanǵan halda salıq hám basqa tólewlerdi óz ishine alıwshı jallanba xızmetkerdiń miynetine aqsha tólew formasında fizikalıq shaxsqa pul formasında esaplanǵan dáramatlardan ibarat.

Esabat ayı ushın nominal esaplanǵan is haqı tómendegishe esaplanadı:

$$W_n = \frac{F}{L}$$

Bunda:

**Wn** - nominal esaplanǵan miynet haqı;

**F -** esap beriw ayı ushın fizikalıq táreplerge esaplanǵan miynetke haqı tólew túrindegi dáramatlar;

**L -** esap beriw ayı ushın xızmetkerlerdiń ortasha sanı;

Nominal esaplanǵan ortasha aylıq miynet haqını esaplaw Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Statistika agentliginiń 2024-jıl 31-maydaǵı 122-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan "Ekonomikada miynet haqı muǵdarın bahalaw boyınsha metodikalıq reje"ne muwapıq ámelge asırıladı.

| **Tayarlaw ushın juwapker:** | **orınlawshı:** | **Manzil:** |
|---|---|---|
| Demografiya, mehnat va gender statistiaksı bólimi | A. Mamutova<br>Tel: 61 222-76-57<br>(9570) | 230103, Nókis, A. Dosnazarov ko'shesi,<br>97 a-úy **Pochta**: info@qrstat.uz |